

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan kacindekan, Implikasi jeung rékoméndasi hasil panalungtikan.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis data, ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh ngagunakeun média desygner rata-rata peunteunna 54,3 kalawan katégori “kurang”. Ieu hal katitén dina peunteun unggal aspék saperti 1) aspék eusi 15,7 kagolong kana kritéria “kurang”; 2) aspék organisasi eusi 12,4 kagolong kana kritéria “kurang”; 3) aspék diksi 11,7 kagolong kana kritéria “kurang”; 4) aspék makéna basa 12 kagolong kana kritéria “kurang”; 5) aspék éjahan 2,3 kagolong kana kritéria “kurang”. Cindekna siswa can maham kana eusi, struktur, jeung kabasaan téks autobiografi.

Kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh ngagunakeun média *desygner* rata-rata peunteunna 80,8 kalawan katégori “hadé”. Ieu hal katitén dina peunteun unggal aspék saperti. 1) aspék eusi 23,8 kagolong kana kritéria “cukup”; 2) aspék organisasi eusi 16,6 kagolong kana kritéria “cukup”; 3) aspék diksi 16,3 kagolong kana kritéria “cukup”; 4) aspék makéna basa 20,7 kagolong kana kritéria “cukup”; 5) aspék éjaaan 3,2 kagolong kana kritéria “cukup”. Cindekna siswa geus maham kana eusi, struktur, jeung kabasaan téks autobiografi.

Sabada dilakukeun uji, ieu panalungtikan ngahasilkeun  $H_1$  ditarima  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara kamampuh dina nulis téks autobiografi saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *desygner* ka siswa kelas XI MIPA 1 di SMA Pasundan 2 Bandung taun ajar 2023/2024. Kukituna média *desygner* cocog pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis téks autobiografi di kelas XI.

#### **5.2 Implikasi**

Média *desygner* dina pangajaran nulis téks autobiografi. Larapna ieu média miboga implikasi yén ieu média bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna siswa, leuwih aktif tur bisa ngalatih fokus diajar. Salian ti éta siswa ogé bisa leuwih

disiplin dina ngarumuskeun luyu jeung matéri anu diajarkeun, antukna bisa numuwuhkeun motivasi diajar sangkan leuwih maham jeung ngarti kana matéri.

Dina lumangsuna kagiatan diajar ngagunakeum média *desygner* tangtuna waé aya kahéngkéranna, kurangna interaksi papada siswa anu ngabalukarkeun kelas kurang aktif. Lian ti éta pangaweruh siswa ngan saukur sabudeureun matéri anu ditepikeun hungkul.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *desygner*, panalungtik tangtuna waé miboga sababaraha rékoméndasi pikeun pamaca sangkan bisa leuwih ngaronjatkeun deui dina kamampuh diajar jeung ngajar. Rékoméndasina saperti ieu di handap.

- 1) Dipiharep média *desygner* bisa jadi bahan ajar pilihan (*alternatif*) dina pangajaran basa sunda liana, hususna dina pangajaran nulis téks autobiografi.

Dipiharep pikeun panalungtik ka hareupna, sangkan bisa leuwih ngajembarkeun deui ngeunaan média *desygner* umumna dina sakabéh pangajaran basa sunda liana, hususna dina pangajaran nulis téks autobiografi.